

# Medikaman Byosimilè pou Kansè

*Biosimilar Medicines for Cancer – Haitian Creole*

Yon medikaman byosimilè, pafwa ki rele yon byosimilè, se kopi konfòm yon medikaman byolojik ki fèt nan pwoteyin oswa nan moso pwoteyin. Imino-terapi ak kèk terapi sible doktè yo itilize pou trete kansè se egzanp medikaman byolojik, men sèlman kèk ladan yo gen vèsyon byosimilè.

Yon byosimilè se yon medikaman ki diferan avèk yon medikaman jenerik. Yon medikaman jenerik se kopi egzakt yon lòt medikaman ki fèt nan sibstans chimik. Kontrèman ak medikaman jenerik yo, yon byosimilè fèt nan yon sous vivan, konsa li sanble anpil avèk yon medikaman byolojik, men li pa yon kopi egzakt.



## Kijan medikaman byosimilè yo travay?

Yon byosimilè doktè itilize pou trete kansè travay anpil tankou medikaman byolojik kote li kopye a. Diferan byosimilè yo kapab:

- Ede kò a jwen epi touye selil kansè yo
- Ede anpeche selil kansè yo grandi
- Ede sistèm defans kò a atake selil kansè yo



## Èske medikaman byosimilè yo san danje?

Menm jan avèk lòt medikaman yo, syantifik yo teste yon byosimilè nan esè klinik yo pou asire li san danje ak efikas menm jan avèk medikaman byolojik kote li kopye a.

Pou jwenn enfòmasyon sou kansè, èd jou-apre-jou ak sipò, rele American Cancer Society nan nimewo **1-800-227-2345** oswa ale sou sitwèb nou nan **cancer.org/biosimilars**.  
Nou la lè ou bezwen nou.



## Kesyon pou poze

Men kèk kesyon ou kapab poze doktè ou ak ekip swen sante ou:

- Èske gen yon byosimilè ki disponib pou tretman ou rekòmande a?
- Ki avantaj ak dezavantaj ki genyen pou mwen resevwa yon byosimilè?
- Konbyen fwa mwen pral resevwa tretman an?
- Ki kantite tan tretman mwen pral dire?
- Ki kote mwen pral pou resevwa tretman mwen?
- Èske mwen pral bezwen lòt kalite tretman?
- Ki efè segondè mwen kapab genyen?
- Kijan mwen pral kontwòle efè segondè mwen yo epi kisa mwen kapab fè konsènan yo?
- Èske asirans mwen pral peye pou tretman mwen? Ki kantite lajan mwen pral gen pou peye?
- Kilè mwen ta dwe rele doktè a oswa enfimyè ?